



Yon mesaj enpòtan ki soti nan Vil Cambridge konsènan yon chanjman nan pri ekipman pou elektrisite w la

18 Desanm 2025

Kont elektrisite ou a enskri nan Cambridge Community Electricity, pwogram achte elektrisite an gwoup nan Vil nou an. Dapre lalwa eta a, enskripsyon an fèt otomatikman pou pifò kliyan elektrisite yo.

Gras pwogram lan, ou te resevwa yon pri Cambridge pou pòsyon ekipman pou elektrisite Eversource ou a. Ou enskri nan opsyon **Economy** an, ki vle di ou gen pri ki pi ba nan pwogram lan.

Apati Janvye, pri ou a pral desann **pi ba** toujou:

- Pri aktyèl ekipman pou elektrisite w la se **13.82 ¢/kWh**.
Nouvo pri w la ap **13.77 ¢/kWh**.
- Nouvo pri w la ap fiks apati Janvye 2026 rive Janvye 2029.
- Nouvo pri w la **pi ba** tou pase pri rezidansyèl Eversource te pwopoze a ki se 15.065 ¢/kWh, ki antre anvigè 1ye Fevriye 2026. Gade lòt bò a pou tout pri Eversource yo.

Akoz pri Eversource yo chanje epi nouvo pri kap vini yo enkon, nou pa ka garanti ekonomi nan lavni konpare ak Eversource.

Nouvo pri ekipman pou elektrisite ou a ki pi ba:

13.77 ¢/kWh

Chèche l sou bòdwo Fevriye w la.

Pou kont:

Sipò Kliyan: **844-379-9934**


Pou w jwenn plis enfòmasyon ak aksè anliy: **CambridgeMA.gov/enrollCCE**



Se desizyon pa w. Fè chwa ki bon pou ou a.

- ▶ **Si w vle kontinye patisipe:** Enskripsyon ou nan opsyon Economy an ap renouvle otomatikman a **13.77 ¢/kWh** an Janvye, epi w ap wè nouvo pri a sou bòdwo elektrisite Eversource ou an Fevriye.
- ▶ **Si w vle chanje opsyon pwogram ou an:** Chwazi Standard Green pou resevwa 75% nan elektrisite w soti nan nouvo sous renouvlab. Chwazi 100% Green pou resevwa 100% nan elektrisite w ki soti nan nouvo sous renouvlab yo. Tout pri yo fiks apati Janvye 2026 pou rive Janvye 2029.

Kont ou a ap renouvle isit la otomatikman



- ▶ **Si ou vle kite pwogram lan:** Ou ka chwazi pou ou pa patisipe san okenn frè oswa penalite epi resevwa pri aktyèl Sèvis Debaz Eversource la oswa siyen pwòp kontra w ak yon founisè elektrisite. Gade lòt bò a pou pri aktyèl Eversource yo.

Pou chwazi yon lòt opsyon pwogram oswa pou ou pa patisipe, vizite **CambridgeMA.gov/enrollCCE** oswa kontakte sèvis kliyan ak konsiltan pwogram Vil la nan **844-379-9934**.

Konparezon Economy Cambridge ▼

Si ou chwazi pou ou pa patisipe ▼

	Pri AKTYÈL ou a	NOUVO pri w	Pri pwopoze pou sèvis debaz Eversource la
Pri	13.82 ¢/kWh	13.77 ¢/kWh	15.065 ¢/kWh - rezidansyèl 14.466 ¢/kWh - ti biznis 17.329 ¢/kWh - gwo biznis
Peryòd pri	Janvye 2024 – Desanm 2025	Janvye 2026 – Janvye 2029	1 ^{er} Fevriye - 31 Jiyè 2026, rezidansyèl ak ti biznis. 1 ^{er} Fevriye - 30 Avril 2026, gwo biznis.
Elektrisite ki sot nan nouvo sous enèji renouvlab (% nan total) *			
Cambridge te ajoute sa	-	-	-
Lwa leta a egzije sa (MA Klas I REC)	27%	30%	30%
Total	27%	30%	30%

* Anplis de achte enèji renouvlab ki parèt nan tablo a, lalwa leta a egzije pou founisè pwogram elektrisite yo achte REC nan lòt sous pwòp oswa renouvlab yo. Acha sa a dwe egal a 39% nan konsomasyon total elektrisite patisipan yo

Enfòmasyon adisyonèl:

- Cambridge Community Electricity te fè patisipan yo ekonomize plis pase \$95 milyon dola konpare ak pri Eversource depi lansman pwogram lan nan 2017. Sepandan, paske pri Eversource yo chanje epi yo pa konnen pri nan lavni, yo pa ka garanti ekonomi nan lavni.
- Tout patisipan yo nan pwogram lan kontribye dirèkteman nan devlopman nouvo pwojè enèji renouvlab. Tout patisipan yo te sipòte yon pwojè solè lokal nan Graham and Parks Elementary School nan Cambridge. Anplis de sa, patisipan yo nan opsyon pwogram Standard Green ak 100% Green yo te ede pèmèt devlopman yon nouvo pwojè solè nan Illinois ak yon nouvo pwojè van nan North Dakota. Paske pwojè sa yo sitiye nan rezo elektrik kote jenerasyon elektrisite kreye plis emisyon kabòn pase nan New England, pwojè pwòp sa yo evite plis emisyon pase pwojè menm jan an nan New England. Patisipan nan opsyon pwogram Standard Green ak 100% Green yo resevwa sètifikasyon enèji renouvlab anplis nan pwojè sa yo, anplis egzijans minimòm leta yo.
- Founisè elektrisite w la ap rete Direct Energy Services, LLC ("Direct Energy"), ki toujou bay kominote nou an yon sèvis ekselan. Sou bòdwo w la, w ap kontinye wè "Cambridge Comm Elec Direct Energy." Tankou toutan, relasyon prensipal ou pou elektrisite a rete avèk Eversource, epi ou ta dwe kontinye rele yo si kouran an koupe. Anplis de sa, Eversource ap kontinye voye bòdwo elektrisite w la, epi se sèl bòdwo elektrisite sa a w ap resevwa antanke patisipan nan Cambridge Community Electricity.
- Nan fen nouvo kontra a avèk Direct Energy, Vil la gen entansyon siyen yon lòt kontra alontèm. Founisè elektrisite a ak kontni enèji renouvlab la ka chanje, epi pri a ka pi wo oswa pi ba pase pri aktyèl la. Ou pral kontinye nan menm opsyon pwogram lan nan nouvo pri a sof si ou enfòme pwogram nan otreman. Vil la ap bay yon avi davans pou nenpòt chanjman sa yo, epi ou pral lib pou chwazi pou pa patisipe oswa chanje opsyon ou anvan chanjman yo anvigè.

!!!

Pwoteje tèt ou kont fwòd elektrisite!

► **Pran prekosyon a nenpòt moun ki rele w epi ki mande w lajan oswa kat kado nan telefòn, menm si yo di yo travay pou Eversource. Si ou pa sèten ak ki moun w ap pale, rakwoche, rele Eversource, epi mande yo pou verifye sityasyon kont ou.**